

## **BAB III**

### **METODOLOGI PANALUNGTIKAN**

Anu baris dipedar dina ieu bab nya éta ngeunaan métode jeung téhnik panalungtikan, populasi jeung sampel, jeung léngkah-léngkah garapan panalungtikan.

#### **3.1. Métode jeung Téhnik Panalungtikan**

##### **3.1.1. Métode Panalungtikan**

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode deskriptif. Tujuan digunakeunana ieu métode nya éta sangkan meunangkeun gambaran luyu jeung henteuna dongéng-dongéng rayat kacamatan Sukahaji pikeun bahan pangajaran sastra di SMP.

Métode deskriptif nya éta métode anu bisa ngungkulan pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun, nyusun papasingan, ngajelaskeun, jeung ngaanalisis (Surakhmad, 1994: 140).

##### **3.1.2. Téhnik Panalungtikan**

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik wawancara, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data. Téhnik wawancara digunakeun pikeun meunangkeun informasi ngeunaan dongéng rayat Kacamatan Sukahaji ti nara sumber, ku cara ngawawancara atawa ngarékam dongéng ti nara sumber. Téhnik ngumpulkeun data nya éta ku cara ngumpulkeun data dongéng nu wangunna ték dongéng nu geus aya di masarakat. Sedengkeun téhnik ngolah data

nya éta ngolah data atawa ngolah dongéng anu geus kakumpulkeun, boh dongéng hasil tina wawancara, boh dongéng hasil tina data ték dongéng nu aya di masarakat.

### **3.2 Populasi jeung Sampel**

#### **3.2.1. Populasi**

Populasi nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta populasi wilayah, nu populasi wilayah ieu dijadikeun sumber data.

Kacamatan Sukahaji diwangun ku 20 wilayah (désa), nu ngawengku Désa Ciomas, Désa Padahanten, Désa Pasirayu, Désa Sindang, Désa Garawastu, Désa Indrakila, Désa Gunung Kuning, Désa Bayureja, Désa Sukahaji, Désa Salagedang, Désa Cikeusik, Désa Nanggwer, Désa Palabuan, Désa Cikonéng, Désa Babakan Manjeti, Désa Tanjungsari, Désa Cikalong, Désa Candrajaya, jeung Désa Sangkan Hurip.

Sedengkeun nu jadi populasi sumber data dongéng anu kakumpulkeun nya éta ngawengku 13 désa tina 20 désa anu aya di Kacamatan Sukahaji. Désa-désa anu kapaluruh dongéngna ngawengku Désa Ciomas, Désa Candrajaya, Désa Padahanten, Désa Cikalong, Désa Cikonéng, Désa Sukahaji, Désa Nanggwer, Désa Palabuan, Désa Cikeusik, Désa Salagedang, Désa Dukuh Maga, Désa Leuweung Peundeuy, jeung Désa Sindang.

### **3.2.2. Sampel**

Sampel dina ieu panalungtikan digunakeun sampel dumasar wilayah data nu dongéngna kapaluruh, nya éta tina 20 désa nu aya di Kacamatan Sukahaji data anu kakumpulkeun ti wilayah data téh aya 13 désa. Sabada dikumpulkeun, éta dongéng-dongéng dianalisis hiji-hiji, dumasar téma, galur, latar, palaku, jeung amanat, pikeun milih dongéng rayat Kacamatan Sukahaji anu luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran sastra Sunda di SMP, utamana sakola-sakola nu aya di Kacamatan Sukahaji.

### **3.3. Léngkah-léngkah Garapan**

#### **3.3.1. Tatahar**

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap tatahar nya éta:

1. Nangtukeun judul panalungtikan;
2. Ngulik pustaka;
3. Nyusun rarancang panalungtikan; jeung
4. Konsultasi ka dosén pangaping.

#### **3.3.2. Ngumpulkeun Data**

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap ngumpulkeun data nya éta:

1. Ngayakeun wawancara jeung nara sumber;
2. Ngumpulkeun atawa ngainventarisir data, jeung
3. Nangtukeun unsur-unsur dongéng nu rék ditalungtik.

### **3.3.3. Ngolah Data**

Kegiatan anu dilaksanakeun dina ngolah data nya éta:

1. Nenetan deui data nu geus dikumpulkeun;
2. Data dipasing-pasing dumasar kana unsur-unsurna, jeung
3. Nyieun kacindekan tinu data anu geus diolah.

### **3.3.4. Nyusun Laporan**

Ieu tahap minangka tahap pamungkas, sanggeus data diolah sarta dianalisis tuluy dijieun laporan nu mangrupa skripsi.

